

Pawòl ko-edite yo

Evens Emmanuel et Carlo Prévil

Relasyon antre soti (entèrelasyon) konplike ki genyen ant kwasans ak devlopman ekonomik, ant jesyon anviwonman ak byennèt sitwayen yo afekte kalite ak dirablite lavi nan vil yo, plis espesyalman nan peyi an devlopman yo (PAD\PED). Reyèlman vre, ogmantasyon popilasyon an, yo pa kontwole a, mete sou endistriyalizasyon ansyen oubyen modèn vil yo pa kite nan men vil peyi PAD yo ankò yon ekosistèm ki ni sen ni ekilibre. Nesosite pou nou adopte metòd ki byen kowòdone pou nou konprann dabò gwo pwoblèm anviwonman yo ansanm ak pwoblèm dirablite vil peyi PAD yo konfwonte ap vin pi ijan chak jou Bondye mete.

Se vre, «anviwonman nan vil yo souvan ap degrade nan peyi an devlopman yo akòz nivo lavi popilasyon an, nivo sa a menm makònen ak chomaj. Resous lakomin yo pa sifi ditou pou garanti kalite lavi a: *pa gen sistèm rego, distribisyon tiyo dlo pa sifi epi se menm bagay pou sistèm ranmase fatra a, kidonk kantite dlo ki anba tè a kontamine; vèmin ki ap monte pil sou pil (rat, ensèk, bakteri...)*¹». Ogmantasyon popilasyon an kreye yon debalansman nan fanmi moun ki pòv yo. Sa lakòz divès kalite moun nan loumpennpòletarya a; apa inegalite sosyoekonomik yo ak yon opozisyon sosyal ki pi laj. Pi plis toujou pase fenonmèn antwofik yo avèk konsekans sosyoekonomik ki mache avèk yo, li ta bon, pou nou konsidere nan vil Ayiti yo espesyalman, tout kalite risk wòdpòte (risk natirèl, risk pou moun)

Repiblik Ayiti, peyi ki nan pati lwès zile Ayiti a (yo te rele Ispanyola), kote pati lès la se Dominikani, se yon PAD². Li chita nan mitan gran Antiy yo, ant 18 ak 20 degre latitud Nò (eksepte zile Latòti ki depase yon ti kras 20èm degre vè Nò) ak 71°3' epi 75° lonjitud Wès, Ayiti, nonsèlman chita nan fwontyè de plak tektonik, plak Amerik dinò a ak plak Karayib yo (ki anba lanmè Antiy yo); men tou, li chita sou wout siklòn tropikal ki soti nan oseyan Atlantik la, anplis enpèfeksyon anviwonmantal³ ki lye li ak kote li ye a, li genyen yon anviwonman jewofizik ki chita sou fenomèn klimatik, idwografik ak byojewoklimatik patikilye⁴ Evènman natirèl sa yo, bay fòm ewozyon devastè: glisman tèren, deboulonman tè, ewozyon ki fè kouch tè a ale nan marekay oubyen nan ravin, rivyè yo⁵ defale.

Anplis, gen yon sityasyon anviwonmantal, yon kantite evènman natirèl moun kalifye ki make istwa espas vil Ayiti yo, apati degre enpak yo genyen sou ekosistèm yo, sou katastwòf yo. Sòti 2004 rive 2016, nou kapab konte gwo evènman malouk yo ki te frape tètwa Ayiti a (i) siklòn Jeanne nan Gonayiv (2004), (ii) 4 kat siklòn pandan otòn 2008 la, (iii) tranblemantè 12 janvyè 2010, ak (iv) siklòn Matthew (2016). Anplis enpak katastwòf⁶ natirèl sa yo sou lavi popilasyon an, enpak sosyoekonomik yo pa piti.

Nan kaye tematik sa a, GRAHN ap chèche konprann pi byen relasyon ki genyen nan divès branch travay ant kwasans ekonomik, jesyon anviwonman an epi byennèt chak endividi apati repons li ap jwenn pou kesyon sa yo:

- Èske an Ayiti, li posib pou nou idantifye relasyon ki genyen nan ekosistèm lan ant devlopman dirab, biyoetik epi lapovrete
- Nan ki fason ekonomi an ak pèfòmans nan òganizasyon yo kapab debouche sou pi bon jesyon anviwonman an, sou pwogrè pou chak grenn moun, epi sou yon devlopman dirab nan vil ki nan Sid yo?
- Kouman pou nou rive tabli, epi aji pou nou genyen yon relasyon ekilibre nan vil sid yo ant sante moun epi ekosistèm lan, dlo kòm resous epi resiklaj?

Nou dwe konprann, pyès moun pa kab poze kesyon sa yo san yo pa konsidere pwen sa yo: (i) fason divès gwoup sosyal ki nan vil yo an danje, (ii) sante moun epi anviwonman nan mitan vil yo, (iii) evalyasyon anviwonman an, (iv) mete sou sa aspè reziyasyon an devan chanjman klimatik yo. Nan kaye sa a, revè tematik GRAHN lan, *Haïti Perspectives*, rasanble 6 atik ki abòde ònalytikman diferan pwen sa yo.

a) Nan ribrik Analyz ki anvan kaye tematik sa a, **Alexandra Emmanuel ak Yanick Simon** abòde pwoblèm ki poze nan dezekilib ki genyen ant vil nan sid yo sante moun yo epi ekosistèm lan apati metal lou yo ki ap polye anviwonman an. Nan travay yo fè a, de (2) medam sa yo etidye prezans yon metal kou plon nan anviwonman an epi enpak li genyen sou sante timoun, sou fanm ansent epi sou popilasyon Ayiti a an jeneral. Daprè medam sa yo, ki ekri tèks la, popilasyon Ayiti a ap viv avèk yon pwoblèm sante ki toupatou nan vil yo. Pwoblèm sa a gen efè patikilyèman sou timoun ak fanm ansent. Se yomenm ki pi an danje.

b) **Sebastian Weissenberger** fè yon refleksyon sou metòd rezistans (rezilyans) pou adaptasyon klimatik an Ayiti epi sa ki rann li apwopriye nan kontèks ayisyen an. Apati kad konseptyèl sistèm sosyoekolojik yo, travay sa a chita posiblite pou

1. Gubry P. (1996). L'environnement urbain. In: Polulation et environnement dans les pays du Sud. Paris: Nan

2. Selon Banque Mondiale (2017), Pwodui enteryè brit (PEB\PIB) Ayiti se 8 380 920,00 USD (Enfòmasyon disponib sou: <https://data.worldbank.org/indicator/NY.GNP.ATLS.CD>, epi PIB pou chak tèt moun se 760,00 USD (montan sa a pi piti anpil pase pa Dominikani an se 6 630,00 USD) – (Enfòmasyon an disponib sou: <https://data.worldbank.org/indicator/NY.GNP.PCAP.CD>).

3. Panayotou T. (1990). Gestion des ressources naturelles en vue d'un développement durable en Haïti. Port-au-Prince: BDP/SETAGRI.

4. Saint-Vil J. (1985). Le relief d'Haïti. In: Atlas d'Haïti. Bordeaux: Centre d'Etudes de Géographie Tropicale (CEGET-CNRS), Université de Bordeaux 3.

5. Emmanuel E, Lindskog P. (2002). Regards sur la situation actuelle des ressources en eau de la République d'Haïti. In: Actes du Colloque International Gestion Intégrée de l'Eau en Haïti. Port-au-Prince: Université Quisqueya, p. 30-52.

6. Emmanuel E. (2010). La situation environnementale des villes haïtiennes après le tremblement du 12 janvier 2010. In.: Haïti: les limites de la résilience. Paris: EHESS, le 19 novembre 2010.

sistèm sosyokolojik yo reyaji epi reyaji, transfòm pwòp tèt yo, apati pwòp kalite pa yo. Sa pèmèt nou konsidere (rismiltip), tankou-ris move tan, ris tranblemanntè (goudou goudou), ris ekonomik ris sekirite alimantè ki chita kò yo an Ayiti.

- c) **Elmyre Clervil et al.** konsidere katastwòf natirèl yo pami faktè ki mete Ayiti an danje. Se yomenm ki fè moun plis pè. Otè sa yo itilize enfòmasyon yo genyen sou konsekans de (2) nan gwo katastwòf ki te frape Ayiti yo, sa 12 janvyè 2010 la, ak sa 4 oktòb 2016 la, pou yo demontre fason kòrèk pou nou sèvi ak EES la (Evalyasyon anviwonman estratejik) nan planifie estrateji aksyon nou dwe antreprann pou diminye danje ak ris tout kalite, ki pandye sou tèt Ayiti lè katastwòf natirèl yo frape peyi a.
- d) Lè **Ketty Balthazard-Accou et Elmyre Clervil** konsidere gwo reta ki genyen nan domèn evalyasyon anviwonman an epi gwo defi nou genyen pou nou leve pou nou kab evalye tout gwo pwoblèm ki genyen nan anviwonman an epi nan sosyete a pou nou devlope yon aksyon piblik an Ayiti, otè sa yo kwè, pami divès posiblite ki ekziste nan domèn lan, evalyasyon anviwonman an se zouti ki pi enpòtan nan kèlkeswa travay ki genyen pou fèt nan pwosesis devlopman an. Otè yo bay agiman, apati analiz, sou nesosite ki genyen pou nou entegre evalyasyon anviwonman estratejik la nan pwogram piblik, ki pou pèmèt Ayiti rive satisfè tout objektif ki nesèsè nan aksyon pou devlopman dirab.

- e) **Neptune Prince et al.** demontre lè moun yo nan peyi a sispann kolabore, nou vle di mank kolaborasyon sou plan pèfòmans yo onivo òganizasyon epi nan sosyete a, sa devlope yon konpòtman, ki vle bloke ekilib anviwonmantal la nan vil ki alantou espas anba lavil Pòtoprens lan. Otè sa yo ekzamine, apati obsèvasyon yo fè sou konstriksyon vil ki rele Kanaran an, tout fopa ki genyen ant nòm yo epi pratik jesyon anviwonman an nan espas vil yo. Pou yo rive la, yo ensiste sou prezans moun « ki pa gen dlo, ki pa gen kouran elektrik, ki pa gen travay, ki pa gen wout, ki pa gen lekòl, ki pa gen avni, ki pa genyen yon Leta, elatriye.⁷ ».
- f) **Franky Zamor et al.** analize enpak yon bon netwayaj genyen sou dlo moun ap sèvi pou yo benyen nan Pòsali. An fèt, yo demontre kouman move jesyon dlo sal yo nan yon zòn touistik kapab lakòz degradasyon nan kalite dlo moun itilize pou yo benyen sou plaj yo epi degradasyon anviwonman an an jeneral.

Konklizyon epi pèspektiv atik sa yo bay yon kad teyorik pou refleksyon epi aksyon nonsèlman sou danje natirèl epi antwopolojik vil yo an Ayiti, men tou sou nesosite pou otorite yo, nan peyi a, chanje plan aksyon piblik yo sou jesyon anviwonman an nan vil yo. ■

7. Théodat J.-M. (2014). Port-au-Prince en sept lieux. In.: L. Hurbon (dir.), Catastrophe et environnement. Haïti, séisme du 12 janvier 2010, Paris: École des études en sciences sociales, p.144.

Evans Emmanuel, Ph.D. est professeur à l'Université Quisqueya (UniQ). Il est le fondateur et ex-directeur du Laboratoire de Qualité de l'Eau et de l'Environnement (LAQUE) toujours à l'UniQ. En septembre 2003, il a mis en place le Master Recherche en Écotoxicologie, Environnement et Gestion des Eaux (MEEGE) et depuis octobre 2005 s'est lancé dans la formation doctorale de certains diplômés du MEEGE. Il détient un master en sciences dans le domaine du génie sanitaire de la Universidad de San Carlos de Guatemala, et un doctorat en sciences de l'environnement de l'Institut National des Sciences Appliquées de Lyon. Il a décroché son diplôme d'Habilitation à Diriger des Recherches en juin 2008 à l'École doctorale « Chimie de Lyon » – spécialité: Sciences de l'Environnement Urbain et Industriel. Il a publié plus de 80 articles, incluant 35 conférences internationales. Sa thématique de recherche est l'évaluation des risques sanitaires et écologiques liés à l'eau de boisson et aux eaux usées. Professeur Emmanuel est le Directeur de l'École doctorale « Société et Environnement » de l'Université Quisqueya, Directeur du Collège doctoral d'Haïti, Président de la Commission régionale d'Experts du Bureau Caraïbe de l'AUF et membre du Conseil scientifique de l'Agence universitaire de la Francophonie (AUF). Professeur Emmanuel est le Vice-recteur à la recherche et à l'innovation de l'UniQ. Il préside le Conseil scientifique du Groupe Haïtien d'Études et de Recherche en Environnement et Santé (GHERES). Il assure la Vice-présidence des relations avec les milieux de savoir de GRAHN-Haïti. Il est membre fondateur et membre régulier de l'Académie Haïtienne des Sciences. evens.emmanuel@gmail.com

Carlo Prével, Ph.D. est ingénieur-agronome de formation. Il a obtenu son doctorat en sciences géographiques à la suite d'une maîtrise en aménagement du territoire et développement régional (M. ATDR) et d'un DESS en développement rural intégré. Il a également effectué un stage postdoctoral en système intégré d'aide à la décision (SIAD) en gestion par bassin, grâce à un financement du Réseau de Centres d'excellence GEOIDE (géomatique pour des interventions et des décisions éclairées). Ses intérêts de recherche portent sur l'aide au processus décisionnel territorial par l'application des méthodes de la science de l'information géographique et de l'analyse multicritère. Il s'attarde particulièrement à la caractérisation du sens du lieu, à la modélisation territoriale multi-échelle de l'affectation du sol et à l'implémentation d'instruments de connaissances pour faciliter la participation du public dans les démarches d'aide à la décision territoriale. Il est actuellement professeur chercheur à l'Université du Québec en Abitibi-Témiscamingue (UQAT), chercheur associé au Centre de recherche en éducation et formation relatives à l'environnement et à l'écocitoyenneté (Centr'ERE, Université du Québec à Montréal), professeur associé à l'Institut des sciences, des technologies avancées et des études supérieures (ISTEAH), membre du Réseau de recherche « Conception de systèmes informatiques environnementaux et agricoles », membre du Comité consultatif national de la Chaire UNESCO en démocratie, citoyenneté mondiale et éducation transformative (Université du Québec en Outaouais). Carlo.Prevel@uqat.ca